

KALANDRIYE Aktivite yo

MPO	BAC	BCCB	CIR	TCC
Mas				
Jedi 17 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 9 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 21 2:00 apremidi Sal 422	Madi Premye 6:00 diswa Sal 430	Lendi 28 2:00 apremidi Sal 302
Avril				
Jedi 14 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 13 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 18 2:00 apremidi Sal 422	Madi 5 6:00 diswa Sal 430	Lendi 25 2:00 apremidi Sal 302
Me				
Jedi 12 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 11 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 3 6:00 diswa Sal 430	Lendi 23 2:00 apremidi Sal 302
Jen				
Jedi 9 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 8 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 20 2:00 apremidi Sal 422	Madi 7 6:00 diswa Sal 430	Lendi 27 2:00 apremidi Sal 302

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès sa a: **Governmental Center, 115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale. Piblik la envite.**



IN PARTNERSHIP WITH THE BROWARD COUNTY BOARD OF COUNTY COMMISSIONERS

PRSR STD
US POSTAGE
PAID
FT. LAUDERDALE, FL
PERMIT #3973

Akwonim		DCA	
AAADT	Annual Average Daily Traffic Counts	DPEP	Department of Planning and Environmental Protection
APR	Annual Performance Report	DRI	Development of Regional Impact
APTA	American Public Transit Association	EIS	Environmental Impact Statement
BAC	Bicycle Advisory Committee	EPA	Environmental Protection Agency
BCCB	Broward County Coordinating Board	FAA	Federal Aviation Authority
BCT	Broward County Transit	FAC	Florida Administrative Code
BLC	Broward League of Cities	FCTD	Florida Commission Transportation Disadvantaged
BUS	Broward Urban Shuttle	FDOT	Florida Department of Transportation
CAAA	Clean Air Act Amendment	FHWA	Federal Highway Administration
CBD	Central Business District	FS	Florida Statute
CMA	Congestion Management Roundtable	FTA	Federal Transit Administration
CIR	Community Involvement Roundtable	FY	Fiscal Year
CMAQ	Congestion Mitigation and Air Quality	GIS	Geographic Information System
CMS	Congestion Management System	MPO	Metropolitan Planning Organization
CTC	Community Transportation Coordinator	TCC	Technical Coordinating Committee

Pou plis enfòmasyon, gade nan:

www.broward.org/mpo

Pou plis enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite pou Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote a, rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande piblikasyon sa a nan fòma an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray.

Pou pibliye dokiman sa a pou rezidan yo, sa te koute \$1,400, sa ki vle di \$467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram nan Broward County MPO.

Transportation Planning Division
115 S. Andrews Avenue, Room 329H
Fort Lauderdale, FL 33301



CHIMEN DEKOUPE

Volim 10, Nimewo 8

Premye Trimès 2005

POU 4-1-1- SOU TRAFIK, TELEFONE 5-1-1 Yon Sistèm Transpò Entelijan ki Travay pou Sèvi w

Plis pase yon milyon moun ki abitye deplase nan oto nan zòn twa-konte a (nan konte Miami-Dade, Broward ak Palm Beach yo) kapab sèvi avèk teknoloji ki pèmèt yo chita "dèyè volan" chak jou san yo pa pran nan abouteyaj. Sa ki pèmèt yo jwenn sa, se Sèvis Enfòmasyon sou Trafik 511 la, ki fè pati Sistèm Transpò Entelijan an (ITS) depi 2002, epi ki te etabli dapre yon patenarya ant 15 ajans avèk òganizasyon piblik ak prive. Nan pami òganizasyon sa yo, genyen Broward County MPO, Florida Highway Patrol (FHP), Depatman Transpò Florid (FDOT), epi Florida Turnpike.

Sèvis Enfòmasyon sou Trafik 511 la bay enfòmasyon fasil, sèten, epi menm lè a, pou chofè ak moun k ap deplase nan oto 24 sou 24, ak 7 sou 7. Gen amelyorasyon ki fenk fèt tou nan sèvis sa a. Verizon Wireless, ki se pi gwo konpayi kominikasyon san fil nan peyi a, aktive Sèvis Enfòmasyon sou Trafik 511 la pou tout kliyan li yo nan Florid.

Kounye a, moun ki abone nan Verizon kapab sèvi avèk telefòn selilè yo pou resevwa enfòmasyon sou trafik menm lè a, ansanm ak sou eta wout yo. Enfòmasyon menm lè sa yo pèmèt moun k ap deplase nan oto yo chwazi altènativ pou wout y ap pran, epi prevwa konbyen tan wout la pral pran.

Pou kliyan yo te kapab jwenn sistèm 511 la, Verizon Wireless te envesti prèske \$1.3 milyon (sa ki vle di plis pase \$700 milyon pou 3 ane ki fenk pase yo), pou bati ak amelyore rezo li a nan Florid. Se konsa kounye a, Depatman Transpò Florid la kapab administre sistèm sa a, ki kouvri tout kote ki gen sikilasyon

oto nan chak granwout tankou Interstate 95, I-75, I-594, Florida Turnpike, Palmetto Expressway, Sawgrass Expressway, Airport expressway, US1, ak Dolphin Expressway.

Sèvis Enfòmasyon sou Trafik 511 la ranmase enfòmasyon nan kamera ki enstale sou wout yo, ak nan men Florida Highway Patrol, nan FDOT Road Rangers, nan eskanè lapolis yo, nan kaptè sou wout yo, epi menm nan sa moun ki sou wout yo rapòte. Pou kominike avèk sèvis la, ou ka sèvi ak mesaj elektwonik, oswa paj entènèt, oswa faks, oswa telefòn, epi ou ka jwenn sèvis la nan lang angle oubyen panyòl. Menm si yo pa fè peye pou koutfil la, ou pral peye nòmalmman pou tan ou pase nan telefòn lan, dapre tarif konpayi telefòn lan. Pou 6 premye mwa li bay sèvis sa a, Sèvis Enfòmasyon sou Trafik 511 la resevwa 96% apwobasyon nan evalyasyon yo, epi yon mwayenn 67,000



koutfil chak mwa.

Gen plizyè milye chofè nan konte Miami-Dade, nan Broward, ak nan Palm Beach ki kapab pran enfòmasyon sou sa k ap pase menm lè a chak mwa. Sèl sa yo gen pou yo fè, se peze bouton telefòn lan. Sèvis sa a gratis, epi pou jwenn li, ou mèt sèvi avèk yon telefòn fiks BellSouth oswa avèk nenpòt ki telefòn selilè.

Pou plis enfòmasyon, telefòn 511 oswa ale sou entènèt nan adrès www.smarttraveler.com

Nan Nimewo sa a.....

- Jou Pyonye nan Broward County
- MPO Òganize Atelye Enfòmasyon sou Plan pou Fè Travay Transpò pandan Lontan
- Ray Doub nan Tri-Rail
- Kout Pwojektè sou Komite pou Kowòdinasyon Teknik la (TCC)
- Transpò Rapid nan Otobis
- MPO ap Kontinye Pwogram Edikasyon pou Lekòl la
- Aktivite pou Fèt Doktè Martin Luther King, Jinyò



NEWSLETTER OF THE BROWARD COUNTY MPO

"METE L NAN LARI A"



Jou Pyonye nan Broward County

Youn nan premye objektif Broward County MPO nan aktivite piblik li, se mete mesaj la nan lari pou fè kominote a patisipe nan pran desizyon yo. Nan aktivite MPO te patisipe pandan ane 2004 la, genyen selebrasyon 32yèm Jou Pyonye nan Broward County, ki te fèt 16 ak 17 oktòb. Aktivite sa a te òganize nan VII Dania Beach, nan Dania Beach City Hall, avèk asistans Dania Beach Historical Society.

Jou Pyonye nan Broward County pou ane 2004 la te fete 89yèm anivèsè Broward County, epi li te onore gason ak fanm ki mete Broward County anfòm yo. Anplwaye MPO yo te la, avèk yon Estasyon Enfòmasyon Mobil (MIS) ansanm ak gichè enfòmasyon MPO pou kontak nan kominote a. Anplwaye yo te bay kominote a enfòmasyon sou amelyorasyon k ap fèt kounye a, epi ki pral fèt pi devan nan transpò, epi yo te mete yon atansyon espesyal sou eleman enpòtan nan istwa, nan kwasans, ak nan devlopman Broward County.

Pandan anplwaye MPO yo t ap bay moun ki te vini yo enfòmasyon sou istwa transpò ak sou jan yo pran desizyon sou zafè transpò yo, gen 63 moun konsa ki te reponn fòmilè pou sondaj MPO yo, nan lang angle ak panyòl. Pifò nan kòmantè moun ekri yo te gen rapò avèk transpò piblik/ amelyorasyon transpò nan tri-rail, ak transpò nan otobis, ak enstalasyon pou bisiklèt ak pyeton, epi ak pwoblèm sekirite. Anpil ladan yo te entere nan reyonalizasyon transpò, ki se youn nan aktivite MPO ap mennen kounye a.



MPO ÒGANIZE ATELYE ENFÒMASYON SOU PLAN POU FÈ TRAVAY TRANSPÒ PANDAN LONTAN

Richard J. Kaplan,
Prezidan MPO,
Majistra Kominal,
VII Lauderhill

Planifikasyon pou travay transpò pandan lontan, se yon bagay ki enpòtan anpil pou nou kapab rive genyen yon sistèm transpò efikas, ki san danje, epi ki pwogresif nan Broward County. Nan pami aktivite MPO Broward County pou Kontak nan Kominote a pandan ane 2004 la, te gen yon seri Atelye Enfòmasyon sou Plan 2030 pou Fè Travay Transpò (LRTP), ki te òganize nan mwa oktòb la. Atelye sa yo, ki te òganize nan Emma Lou Olson Civic Center nan Pompano Beach epi nan South Regional Broward County Library, te gen kòm objektif pou resevwa kòmantè piblik la sou preparasyon plan sou depans posib yo pral mete nan LRTP Broward County 2030 la. Plan sou depans posib yo montre pwojè yo prevwa pou amelyore transpò yo, ki koresponn ak sous finansman yo prevwa yo. Yon lòt bagay ki fèt nan atelye yo, se bay moun ki vini yo enfòmasyon sou jan yo prepare LRTP a, nan biwo pou enfòmasyon yo, kote yo esplike sa ki nan LRTP a.

LRTP a se yon seri pwojè transpò ki dwe satisfè bezwen Broward County pral genyen nan zafè transpò pandan 20 an ki pral vini yo. Se poutèt sa

LRTP a konsantre sou amelyorasyon pou kwasans ak devlopman ki pral genyen nan Broward County yo; pou rive fè sa, li entegre enstalasyon pou bisiklèt ak pyeton yo, devlopman pou transpò piblik yo (tankou Transpò Rapid nan Otobis, ak fasilite pou jwenn transpò), amelyorasyon wout yo, ak transpò sou dlo. Pandan atelye yo, anplwaye ak konsiltan MPO yo pale sou pwoblèm ki entere piblik la, tankou kontwòl abouteyaj, sekirite, kontwòl antre sou wout yo, ak finansman pou amelyore transpò.

Lè w gade kantite moun ki te vini nan Atelye Piblik pou Nouvo Enfòmasyon sou LRTP a, ansanm ak kesyonè ekri yo te bay moun nan atelye yo, sa montre kouman rezidan Broward County yo entere anpil pou yo patisipe nan evalyasyon bezwen ki genyen sou zafè transpò ak nan planifikasyon pou transpò.

Gwo patisipasyon piblik la nan planifikasyon pou transpò a montre tou ki enpòtan yon bon enfrastruktir transpò genyen pou rezidan Broward County yo, paske li vital non sèlman pou Broward County, men tou pou koneksyon nan tout rejyon Sid Florid la.

RAY DOUB NAN TRI-RAIL Pwogrè nan Rejyonalizasyon Transpò Piblik



Dènye etap nan Pwogram Amelyorasyon Koridò Ray Doub la te kontinye fè pwogrè pandan ane 2004 la. Etap sa a, ki rele Segman 5 nan pwogram lan, te koumanse pandan ane fiskal 2003, epi li dwe fini nan koumansman ane 2005 la. Se pi gwo pwojè konstruksyon nan istwa Ajans Rejyonal Transpò nan Sid Florid la (SFRTA), epi li se rezilta desizyon twa konte nan Sid Florid yo (Palm Beach, Broward, ak Miami-Dade) te pran pou yo travay ansanm tankou yon sèl ekip pou kreye yon sistèm transpò piblik rejyonal. Pwogram sa a prevwa pou yo rebati ray tren ki kouri sou 72 mil, ansanm ak yon dezyèm ray prensipal ki pral paralel avèk ray ki la deja a.

Lè li anfas yon kesyon ki enpòtan anpil, tankou yon bon jan sistèm transpò, MPO Broward County a mete tèt ansanm ak SFRTA, ki se yon òganizasyon kolaboratif ki pral amelyore koneksyon pou transpò nan rejyon twa konte yo; pou rive fè sa, l ap bati yon sistèm transpò san entèripsyon epi ki pral fasil pou moun sèvi. Yo prevwa \$3 milya pou 20 an ki pral vini yo, pou fè 67 amelyorasyon nan sistèm transpò a. Avèk chanjman sa yo, ki pral ankouraje transpò

piblik, pral gen mwens abouteyaj, kalite lè a pral pi bon, epi sa pral ede komès ak kwasans ekonomik.

Segman 5 la prevwa tou enstalasyon prèske 45 mil ray doub, anplis amelyorasyon ray ki la deja yo, ansanm ak renovasyon 9 estasyon ki la deja, epi bati yon nouvo estasyon nan Boca Raton, ak ranfòse pasaj pou janbe ray yo, modènize sistèm siyal pou sekirite yo, epi achte nouvo wagon ak nouvo lokomotiv. Kòm rezilta pwojè sa a, kantite sèvis yo pral vin pi plis, paske kounye a genyen 28 tren chak jou, men pral genyen 48 tren ki pral derape chak 20 minit pandan lè anpil trafik yo. Yon lòt priorite ki pral genyen tou, se bay pi bon sèvis alè, epi plis souplès nan orè yo pou sèvi pasaje yo ak moun ki fè ale-vini pou travay chak jou yo. Dapre SFRTA, anvan ane 2015 la fini, amelyorasyon sa yo pral pèmèt 27,900 pasaje sèvi avèk sistèm la chak jou.

KOUT PWOJEKTÈ SOU KOMITE POU KOWÒDINASYON TEKNIK LA (TCC)

Èske ou janm mande tèt ou kouman Broward County MPO evalye plan ki an rapò ak transpò yo? MPO a etabli Komite pou Kowòdinasyon Teknik la (TCC) pou bay konsèy epi pou jwenn ekspè lè MPO ap pran desizyon, epi pou bay bon jan evalyasyon sou plan ak pwogram MPO yo.

TCC a genyen ladan l yon gwoup 28 anplwaye ki se teknisyen. Pifò nan moun sa yo se enjennye, planifikatè, ak lòt espesyalis ki reprezante gouvènman lokal ak ajans transpò nan Broward County yo. Gwoup pwofesyonèl ak ekspè sa yo sèvi kòm konsèy Broward County MPO. Yo bay konsèy administrasyon an rekòmandasyon sou etid, sou plan, ak sou pwogram yo pou di si yo kòrèk teknikman, si yo gen presizyon, epi si yo pa manke anyen.

TCC a ede Broward County MPO nan responsabillite pou kowòdone planifikasyon ak pwogramasyon transpò, ak nan analize tout etid, rapò, plan, ak pwogram sou transpò ki fèt dapre egzijans lwa federal ak lwa nan Eta a. Epi TCC a bay resous teknik tou.

Reyinyon TCC a fèt nan katriyèm lendi chak mwa a 2:00 apremidi, nan Sal 302 nan Broward County Governmental Center. Piblik la envite nan reyinyon TCC yo, epi li ankouraje patisipe. Pou plis enfòmasyon sou jan ou ka patisipe nan desizyon sou



Piblik la envite nan reyinyon TCC yo, epi li ankouraje patisipe.

planifye transpò yo, ou mèt gade nan sit entènèt Broward County MPO a, nan adrès www.broward.org/mpo oubyen kontakte biwo MPO a nan nimewo (954) 357-6608.

MPO ap Kontinye PWOGRAM EDIKASYON POU LEKÒL LA

Nan sezon prentan 2004 la, Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten nan Broward County a te koumanse yon kanpay pou mete elèv nan lekòl elemanè nan aktivite pou pran kontak avèk kominote a. Kanpay sa a te koumanse ak yon reyinyon entèaktif pou planifye transpò kote te gen 50 elèv Dillard Elementary School. Gwoup elèv katriyèm ak senkyèm ane sa a te patisipe nan yon pwogram pilòt pou edikasyon, kote yo te fè elèv yo koumanse konprann kisa Broward County MPO fè, epi kisa ki genyen nan planifikasyon yon sistèm transpò. Animate prezantasyon an, se te Buddy, ki se yon oto ki pale epi ki mache ak yon telekòman. Yon bagay elèv yo te rive konprann byen vit, se lè yo te rive wè, anvan yon moun reponn kesyon "Poukisa poul la te janbe lari a?", dwe genyen yon travay pou bati lari poul la pral janbe a.

Pandan prezantasyon an, elèv yo fè jwèt edikatif, yo aprann karyè ki genyen pou travay nan transpò, epi yo menm patisipe nan planifikasyon yon nouvo twotwa pou lekòl yo. Aktivite inogiral sa a te pran tèmman byen, li vin sèvi kòm katalizè pou sis lòt prezantasyon edikatif y ap planifye pou lòt lekòl elemanè nan Broward County pou ane 2005 la. Komisè nan Konte a, Josephus Eggelation (ki se yon ansyen manm MPO), ansanm ak Benjamin Williams, ki se yon manm nan Konsèy Administrasyon Lekòl la (epi ki manm nan MPO kounye a) te vini nan aktivite inogiral sa a – tou de moun sa yo te lekòl nan Dillard Elementary. Dapre pawòl Direktè Dillard la, Patricia Dixon, "Sa ki pi enpòtan, se ba yo (elèv yo) lapawòl epi montre yo moun ap koute yo."



"Ti Poulèt" ak "Ze" te ede reponn kesyon sa a: "Poukisa poul la te janbe lari a?"



BRT gen posibilite pou sikile nan yon vitès mwayenn oswa nan yon vitès rapid (ant 20 ak 65 mil alè), epi li rete nan estasyon ki gen distans kout oubyen distans mwayenn ki separe yo (ant 0.5 mil ak 1 mil), epi li bati pou fè vwayaj ki kout oswa vwayaj sou distans mwayenn. MPO a bay BRT tout sipò li kapab kòm yon mwayen pou pèmèt moun deplase nan mwens tan, sa ki fè transpò a pi efikas, epi ki koresponn ak objektif Sistèm pou Kontwòl Abouteyaj la (CMS).

"METE L NAN LARI A"



Aktivite pou Fèt Doktè Martin Luther King Jinyò

Pou pèmèt li patisipe nan plis aktivite kominote nan tout konte a, MPO ap kontinye parèt piblikman nan anpil aktivite espesyal ak nan anpil festival ki òganize nan Broward County. Youn nan priorite yo, se pote enfòmasyon bay kominote ki pa te konn patisipe ase nan desizyon y ap pran yo. Lè moun ki rete toupatou nan zòn Ft. Lauderdale la t ap fete Jou Doktè Martin Luther King la, nan yon parad sou Sunrise Boulevard, Broward County MPO a te la pou mete mesaj li nan lari.

Touswit apre parad la, moun ki te patisipe nan fèt nasyonal sa a te reyini nan pak Joseph C. Carter, ki fenk renove. Konfigirasyon pak la te bay yon kokennchenn opòtinite pou fè piblik la konnen objektif ak aktivite MPO a. Malgre fredri a, foul la te sanble li genyen 10,000 moun òganizatè aktivite sa yo te prevwa ki ta pral vini yo.

Anpil nan moun ki te vini nan gichè MPO a te di yo entere anpil nan kontwòl abouteyaj, epi yo te apresye enfòmasyon yo te resevwa sou devlopman yo fenk fè nan sistèm enfòmasyon sou trafik 511 la. Gen lòt moun ki te montre yo entere nan planifikasyon pou lontan, nan finansman, nan sekirite, nan sèvis transpò pou moun ki genyen difikilte pou transpò, ak nan bezwen ki genyen pou fè travay dekorasyon sou kote wout yo. Te gen plis pase 100 moun ki te asepte reponn kesyonè ekri MPO a, sou planifikasyon transpò.